Vaksinasyon COVID-19: Previzyon Otòn 2021

14 Jiyè, 2021

Chè kominote Inivèsitè,

Nou espere ke w ap byen pwofite de mwa vakans ete yo -- w ap relaks ou, san danje nan ti konje yo. Isit la nan College Park, n ap planifye aktyèlman pou yon retou tout aktivite yo sou kanpis la pou sesyon otòn la. Kòm rezilta travay kominote kanpis nou an nan swiv rekòmandsyon sante piblik yo, to pozitif COVID-19 nou rete esansyèlman a 0% epi to vaksinsayon konplè nou an se 74%, sa ki ba nou konfyans pou yon retou san danje sou kanpis la. Egzijans pou vaksinasyon Sistèm Inivèsite Maryland (USM) lan rete an aplikasyon pou chak moun k ap retounen sou kanpis la, eksepte moun ki te jwenn egzanpsyon pou rezon medikal oswa relijye.

Nòt sa defini previzyon yo pou chak manm nan kominote kanpis nou an pou sesyon otòn k ap vini an. Kòm sa sete pratik nou depi kòmansman pandemi a, n ap kontinye siveye prevalans COVID-19 lan nan kominote nou, ki enkli tout varyan yo, epi swiv rekòmandasyon CDC yo, ak otorite lokal epi eta yo. Nou pap ezite mete sou pye mezi ki pi strik ak konsekans adisyonèl lè sa nesesè pou moun ki pa konfòme yo.

Si Ou Vaksinen Konplètman:

Aktyèlman pandan risk anjeneral COVID-19 lan ba, risk pou moun ki konplètman vaksinen yo vin enfekte oswa transmèt viris lan trè ba. Anplis, moun ki vaksinen konplètman yo sanble pwoteje kont fòm grav maladi an ke varyan Delta lakòz.

Si Ou Vaksinen Konplètman, ou:

- pap bezwen mete mask (men ou ka chwazi mete si ou vle).
- pap bezwen fè tès regilyèman.
- pap bezwen fè karantèn si ou vin an kontak ak yon moun ki pozitif, sofsi ou gen sentòm COVID-19 yo.

Si ou vaksinen men ou poko konfime estati w ak inivèsite an, tanpri vizite **return.umd.edu**.

Si Ou Pa Vaksinen:

Chak manm nan kominote kanpis an nou sipoze respekte egzijans pou vaksinasyon USM lan (ki bay egzanpsyon sèlman pou rezon medikal oswa relijye). Aktyèlman nou nan mitan yon pandemi COVID-19 e si ou pa vaksinen, ou gen plis chans pou pran viris lan ak pwopaje li epi vin malad trè grav si ou an kontak li. W ap fè fas ak pi gwo risk ki depann de plizyè faktè, ki enkli men pa limite ak: laj, ras, eta sante w ak kondisyon asosye (gade **lis kondisyon medikal CDC** ki lakòz pi gwo risk yo). Fòm grav maladi an ka lakòz entène lopital, andikap, epi kèk fwa ka lakòz lanmò. Ou vin mete moun ki antoure w yo a risk tou paske ou ka transmèt yo viris la san ou pa konnen. Nou vreman ankouraje chak manm nan kominote nou an pou vaksinen pi vit ke posib.

Si ou pa vaksinen: kèlkeswa ou te resevwa yon egzanpsyon ou pa, ou:

- dwe mete mask nan espas enteryè yo tout tan ak lè ou nan espas eksteryè ki gen anpil moun yo.
- dwe siyen yon nòt kote ou rekonèt risk sante yo lè yon moun pa vaksinen.
- sipoze respekte egzijans pou fè tès COVID-19 regilye, de (2) fwa pa semèn sou kanpis la.

Jan sa te kominike oparavan, etidyan premye sik ak sik siperyè ki pa vaksinen san ke se pa yon egzanpsyon pap otorize viv nan rezidans yo oswa nan sal relijyez yo ni gen aksè ak etablisman yo sou kanpis la, ki enkli batiman akademik yo, epitou yo kapab fè fas ak anilasyon enskripsyon kou yo pou sesyon otòn ak prentan an.

Si yon manm pèsonèl oswa pwofesè pa dakò mete mask, fè tès oswa respekte nenpòt lòt egzijans sou sante ak sekirite, ap gen mezi disiplinè pwogresif k ap mete sou pye, jiska ranvwa.

Kondisyon Medikal Espesyal

Si doktè w oswa founisè sante w te di ou gen yon sistèm iminitè ki fèb, ou ta sipoze kontinye pran prekosyon pou ka pwoteje tèt ou de fason maksimal lè w ap retounen sou kanpis la, kèlkeswa estati vaksinasyon w. Nou ankouraje w wè doktè w pou rekòmandasyon adisyonèl.

Pou fini

N ap kontinye mete enfòmasyon konplè konsènan entèvansyon nou kont COVID-19 sou **umd.edu/4Maryland**, ansanm ak lyen ki gen dènye enfòmasyon sou viris la.

Se yon moman desizif pou kanpis nou an. Chak manm fakilte, pwofesè ak etidyan jwe yon wòl enpòtan pou sante ak sekirite kominote Inivèsite nou an. N ap mande pou chak grenn nan nou konsidere sante nou ak sante lòt yo, epi respekte egzijans pou vaksinasyon an. Pran vaksen an rete meyè fason pou aisre nou genyen yon eksperyans rich epi konplè pou sesyon otòn k ap vini an.

Sensèman,

Darryll J. Pines
Prezidan, Inivèsite Maryland
He/Him/His

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP
Direktè, Sant Sante Inivèsite a
Medsen an chèf, University of Maryland
He/Him/His